



Pwosedi pou Pote Doleyans nan DNREC

I. Objektif

- a. Annakò ak 40 C.F.R Pati 7, seksyon 7.90 (a)¹, DNREC te etabli pwosedi pou pote doleyans sa yo pou asire yon rezolisyón rapid ak jis pou plent, ki pa lye ak anplwa, ki lye ak diskriminasyon akoz ras, koulè, orijin nasyonal, sa enkli Kapasite Anglè Limite, sèks, laj, oubyen andikap yon endividé oubyen reprezay poutè li ekzèse dwa li nan kad lwa ak regleman aplikab pou non-diskriminasyon nan vyolasyon Tit VI nan Lwa Dwa Sivil 1964 la, Lwa Restorasyon Dwa Sivil 1987 la, Lwa pou Ameriken ki Gen Andikap 1990 la, Lwa Reyabilitasyon 1973 la, jan sa te modifye, ak lòt estati ak regleman federal ak eta ki lye ak dwa sivil. Yo te adopte pwosedi sa yo pou respekte direktiv ki nan 40.C.F.R. Pati 5 ak 7 ak direktiv ki nan Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini.
- b. DNREC vize pou l rezoud plent dirèkteman atravè mwayen enfòmèl nan objektif pou l akselere rezolisyón plent epi ofri solisyon apwopriye bay pleyan an. Nan altènativ la, yo konseye pleyan pou l ka depoze plent li yo dirèkteman nan Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal Etazini oubyen yon lòt ajans federal apwopriye.
- c. Pwosedi doleyans yo kreye pou adrese alegasyon diskriminasyon, kote endividé a santi yo te eskli yo nan patisipasyon nan, refize benefis nan, oubyen sijè a diskriminasyon nan pwogram oubyen aktivite DNREC sou baz:
 - i. Ras;
 - ii. koulè;
 - iii. Laj;
 - iv. Orijin nasyonal;
 - v. Andikap;
 - vi. sèks; oubyen
 - vii. Reprezay.
- d. Pwosedi doleyans lan ofri yon pwoesis pou depoze yon plent atan bay otorite apwopriye a epi dekri pwoesis ki pral itilize a pou ankete ak rezoud plent lan. Sepandan, pwosedi yo pa aplike pou aksyon administratif, tankou plent entèn pou diskriminasyon nan travay la ki pa kouvrí pa regleman non-diskriminasyon EPA yo nan 40 C.F.R. Pati 5 ak 7, ki administre nan kad yon pwoesis separe.
- e. Yo konseye tou pleyan yo ke yo ka gen dwa nan kad Lwa Aksè Egal Delaware yo. Pleyan yo ta dwe konsilte Komisyón Relasyon Imen nan Delaware oubyen yon

¹ Konsilte tou 40 C.F.R. § 5.135(b) (Yon benefisyè dwe adopte ak pibliye pwosedi doleyans ki ofri rezolisyón rapid ak jis pou aksyon ki entèdi nan kad Tit IX nan pwogram edikasyon ouyen aktivite benefisyè a).

avoka si yo gen kesyon konsènan dwa yo nan kad lwa Delaware oubyen Estati Anti-Diskriminasyon Federal.

II. Kowòdonatè Anti-Diskriminasyon

a. Kowòdonatè Anti-Diskriminasyon pou DNREC a se:

- i. Katera Moore, PhD**
 - ii. DNREC Title VI Coordinator (Kowòdonatè Tit VI nan DNREC)**
 - iii. 89 Kings Highway
Dover, DE 19901**
 - iv. DNREC_EJ@delaware.gov**
 - v. 302-739-9001**
-
- b. Kowòdonatè anti-diskriminasyon an se pwen kontak inisyal pou tout doleyans.**
Yo responsab pou yo akonpaye ak gide pleyan an atravè pwosesis doleyans lan.
Kowòdonatè anti-diskriminasyon an administre dokiman ak dosye plent ki lye ak DNREC. Anplis, yo responsab pou kowòdone ak moun apwopriye nan DNREC pou asire doleyans yo trete nan fason efikas ak kòrèk.

III. Soumisyon yon Plent

a. Depoze Yon Plent

- Yon moun, oubyen reprezantan otorize yon moun, ki kwè yo oubyen yon klas moun te eskli nan patisipasyon nan, refize benefis nan, oubyen sijè a diskriminasyon nan kad pwogram oubyen aktivite DNREC sou baz ras, koulè, laj, orijin nasyonal, andikap, sèks, oubyen reprezay, ka depoze yon plent bay DNREC. Yon pleyan k ap depoze nan non oubyen ki fè pati yon lòt moun responsab pou resevwa konsantman alekri nan men endividé sa a. Plent yo dwe:

1. Prezante Alekri
2. Enkli enfòmasyon kontak pleyan an, sa enkli:
 - a. Non (oubyen, pou gwoup oubyen asosyasyon, yon reprezantan ofisyèl)
 - b. Adrès Postal:
 - c. Nimewo Telefòn Lajounen; epi
 - d. Adrès Imel (si sa apwopriye)
3. Dwe depoze nan 60 jou kalandriye apre vyolasyon prezime a (eksepte jan sa endike nan paragraf swivan an);
4. Dekri ak detay aksyon bò kote DNREC ki aparamman kreye diskriminasyon an vyolasyon a 40 C.F.R Pati 5 ak 7;

5. Dekri ak tout detay posib diskriminasyon ki aparamman te rive oubyen ki pral rive kòm rezulta aksyon sa yo;
 6. Enkli non, adrès, ak tit fonksyonè oubyen antite ki aparamman diskriminan yo;
 7. Idantife non ak enfòmasyon kontak pou nenpòt temwen potansyèl, sa enkli anplwaye DNREC oubyen founisè ki gen konesans dirèk sou aksyon diskriminatwa prezime a;
 8. Idantife pati ki afekte oubyen potansyèlman afekte pa diskriminasyon prezime a; epi
 9. Gen siyati pleyan an oubyen siyati reprezantan pleyan an. Si pleyan an ap depoze plent nan non yon lòt moun, yo dwe enkli yon konsantman siyen alekri ki soti nan men endividé a nan soumisyon an.
- ii. DNREC ka retire ekzijans (3), pi wo an, nan diskresyon li, pou 1 ka adrese alegasyon diskriminasyon potansyèl ki kreye akoz aksyon ankou nan pwochen jonkti ki pi apwopriye ak pi fezab la; oubyen, pou bon rezon, adrese plent ki depoze nan plis pase swasant (60) jou sivil apre yon vyolasyon prezime. DNREC adisyonèlman ka retire ekzijans (3) si yo pa t ka atann pou pleyan an rezonabman konnen yon aksyon te diskriminatwa nan peryòd inisyal swasant (60) jou an, epi yo te depoze plent lan nan swasant (60) jou kalandriye apre pleyan an te vin okouran de diskriminasyon prezime a.
 - iii. DNREC ka mande enfòmasyon adisyonèl nan men pleyan an si enfòmasyon an nesesè pou satisfè ekzijans plent ki dekri pi wo an oubyen ki enkli otreman nan 40 C.F.R. Pati 5 ak 7. Pleyan an pral gen kenz (15) jou ouvrab pou 1 reponn a demann DNREC pou enfòmasyon adisyonèl. DNREC ka ogmante tan sa pou reponn pou rezon jistifye, nan diskresyon li.
 - iv. Si pleyan an bezwen sèvis lang, yo pral ofri asistans apwopriye bay endividé yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Plan Aksè Lang DNREC a isit la: <https://documents.dnrec.delaware.gov/Admin/Environmental-Justice/Plan-Akse-Lang.pdf>
 - v. Moun ki kwè yo menm oubyen yon klas moun te sibi diskriminasyon epi bezwen plis enfòmasyon, asistans pou soumèt yon plent, oubyen yon aranjman si yo gen nesesite mwayen altènatif pou soumisyon ka rele oubyen voye mesaj imel bay kowòdonatè Non-diskriminasyon an, Dr. Katera Moore (Yo prezante enfòmasyon kontak la pi wo an).

- vi. DNREC pral aksepte tou plent nan fòma altènatif nan men moun ki gen andikap (tankou sa ki depoze sou disk òdinatè, pa kasèt odyo, oubyen an Braille), lè yo mande sa. Pleyan an pral verifye plent lan pa siyati, oubyen pa metòd altènatif ki akzeptab pou DNREC.
- vii. Tout plent alekri dwe soumèt nan youn nan fason swivan yo:
 - 1. Lapòs –
 - a. **Liy Objè**: Doleyans Tit VI
 - b. Adrès: 89 Kings Highway, Dover, DE 19901
 - 2. FAKS – 302-677-7061
 - 3. Imel –
 - a. Imel: DNREC_EJ@delaware.gov
 - b. **Liy Objè**: Doleyans Tit VI
- viii. Nan dis (10) jou apre yo fin resevwa plent alekri a, DNREC pral ofri pleyan yon konfirmasyon resepsyon alekri.

b. Detèminasyon Jiridiksyon ak Merit Envestigatif

- i. DNREC, sou baz enfòmasyon ki nan plent lan ak lòt enfòmasyon disponib, pral detèmine si li gen jiridiksyon pou l pouswiv afè a epi si plent lan gen merit sifizan pou l jistifye yon ankèt. Yo pral konsidere yon plent merite yon ankèt sofsi:
 - 1. Li pa tonbe anba jiridiksyon DNREC;
 - 2. Li paret klèman nan figi l se yon bagay frivòl oubyen banal;
 - 3. Nan tan yo akòde a pou reyalize detèminasyon pou jiridiksyon an ak merit envestigatif la, DNREC volontèman konsede non-respè ak aksepte pou l pran aksyon koreksyon apwopriye oubyen atenn yon rezolisyon enfòmèl ak pleyan an;
 - 4. Nan tan ki rezève pou reyalize yon detèminasyon pou jiridiksyon an ak merit envestigatif la, pleyan an retire plent lan; oubyen
 - 5. Li pa ponktyèl epi bon rezon pa ekziste pou retire ekzijans tan an anba seksyon A.3.

IV. Dispozisyon Plent

- a. Nan san ven (120) jou kalandriye apre yo aksepte plent alekri a, DNREC pral reponn alekri bay pleyan an ak yon rezolisyon, sa enkli si diskriminasyon te dekovri epi yon deskripsyon pwoesison ankèt la. Si DNREC detèmine nan moman sa ke tan adisyonèl nesesè pou ankèt li an, DNREC pral avize pleyan an sou detèminasyon sa a. Yo pral detèmine rezolisyon an sou baz preponderans prèv.

- b. DNREC ka, a nenpòt moman nan tretman plent lan, tante pou l jwenn yon rezolisyón plent lan atravè negosyasyon ak pleyan an.
 - c. DNREC ka rejte yon plent pou rezon swivan yo:
 - i. Plent la pa t depoze atan;
 - ii. Pleyan pa reponn a diferan demann pou enfòmasyon adisyonèl ki nesesè pou pwosesis plent lan;
 - iii. Yo pa t rive lokalize pleyan an apre tantativ rezonab;
 - iv. Pa gen okenn baz reglemantè oubyen prezime pou plent lan, oubyen pleyan pa denonse okenn domaj nan sa ki gen rapò ak pwogram oubyen regleman aktyèl yo;
 - v. Plent lan te ankete pa yon lòt ajans epi rezolisyón plent lan te satisfè estanda regilatwa federal; pa ekzanp, tout akizasyon yo te ankete, yo te aplike estanda legal apwopriye, epi tout solisyon ki te atenn te satisfè estanda federal apwopriye;
 - vi. Enfòmasyon kredib yo te jwenn a nenpòt ki moman endike alegasyon ki te soulve yo pa pleyan an te rezoud, oubyen yo kesyonab epi pa gen okenn alegasyon oubyen enplikasyon onivo klas;
 - vii. Menm alegasyon plent yo te depoze epi ankou ak yon lòt ajans federal, eta, oubyen lokal ki posede otorite regilatwa pou aksepte epi trete plent sa yo;
 - viii. Pleyan an te entwodwi aksyon nan lajistis nan yon tribinal eta oubyen distri federal ak menm baz ak kesyon yo ki enplike nan plent lan.

V. Konsèvasyon Dosye

- a. Kowòdinatè non-diskriminasyon an pral kenbe yon rejis pou tout doleyans Dwa Sivil ak non-diskriminasyon yo te resevwa. Rejis sa a disponib pou konsiltasyon piblik anliy: <https://dnrec.delaware.gov/environmental-justice/tit-vi-dnrec/>
- b. DNREC pral peryodikman analize pwosedi sa yo pou evalye efikasite yo ak nenpòt nesesite pou mezi adisyonèl pou asire ke nenpòt plent DNREC resevwa te rezoud nan yon fason rapid ak ekitab. Si sa nesesè, DNREC pral aktyalize pwosedi sa yo:

VI. Reprezay

- a. DNREC oubyen nenpòt lòt moun pa ka entimide, menase, fòse, oubyen diskrimine kont okenn endividé oubyen gwoup nan objektif pou entèfere ak nenpòt dwa oubyen privilèj ki garanti anba lwa eta ak federal ki aplikab. DNREC oubyen nenpòt lòt moun pa ka entimide, menase, fòse, oubyen diskrimine kont

okenn endividé oubyen gwoup paske endividé a te depoze yon plent, te bay temwayaj, asiste, oubyen patisipe nan nenpòt fason nan yon ankèt, pouswit, oubyen odyans ki lye ak yon afè DNREC; oubyen te opoze a nenpòt pratik ki konsidere ilegal atravè politik non-diskriminasyon DNREC yo. Ankonsekans, tout entimidasyon konsa oubyen reprezay bò kote DNREC oubyen nenpòt reprezantan DNREC pral reprezante jistifikasyon pou plent annakò ak pwosedi sa yo epi pral jere nan menm fason tankou nenpòt lòt plent diskriminasyon.